

Konsèy Nasyonal Telekomunikasyon (KONATEL) Desanm 2017

Konkou « Chache Konnen Sou Teknoloji Enfòmasyon Ak Kominikasyon »

Kontèks ak objektif

Nan kad projè « Promosyon pou Enklizyon Nimerik (PEN) » ki vle pou bay gwoup jèn nan katye yo chans pou pwofite avantaj Teknoloji Enfòmasyon ak Kominikasyon, KONATEL ap òganize nan finisman ane a yon Konkou ki rele : « Chache Konnen sou Teknoloji Enfòmasyon ak Kominikasyon » pou òganizasyon ak asosyasyon nan katye yo.

Objektif konkou sa a se pou sansibilize jèn nan katye yo abitye avèk anviwonman teknolojik yo epi kreye ouvèti k ap pèmèt yo jwi avantaj teknoloji ofri nan fòmile pwojè teknolojik ki ka sipòte devlopman ekonomik ak sosyal kominote jèn yo ap viv pandan yap kapab geyen prim ak kado pou patipasyon yo nan konkou sila a.

Kondisyon pou patisipe

Tout Òganizasyon alawonnbadè nan katye yo ki gen papye rekonesans legal (Ministè Afè Sosyal, Lameri, elatriye) ka patisipe nan konkou a.

Prim ak kado

Òganizasyon ki rive reponn pi byen plis keksyon nan konkou a ap resevwa yon prim 100,000 goud. Nap bay anpil lòt prim ki gen valè ant 25,000 goud ak 50,000 goud ak tout lòt Òganizasyon ki patisipe nan konkou a e kifè plis pwen nan reponn keksyon.

Enfòmasyon nou dwe konnen

Konkou a ap òganize sou entènèt. Tout Òganizasyon kap patisipe dwe:

1. Vizite sit entènèt konkou a pou byen li tout enstriksyon yo,
2. Aksepte enstriksyon yo,
3. Ranpli fòmilé enskripsyon an pou enskri Òganizasyon an,
4. Reponn 10 kesyon konkou a,
5. Ekri yon tèks motivasyon tout kout (10 liy pou pi plis) ki eksplike enterè Òganizasyon nan itilize ak fè pwomosyon pwojè teknoloji yo kap devlope nan zòn yap fonksyone.

Dènye dat pou patisipe nan konkou a se 28 desanm 2017 a 11è59 nan aswè.

Kouman pwen yo ap konte

1. Enskripsyon: 20 pwen
2. Repons ak kesyon yo: 50 pwen
3. Tèks motivasyon: 30 pwen

Seremoni pou bay tout prim

N ap kontakte tout moun ki genyen yo pa imèl ak Whatsapp. Tout prim yo ap remèt jou k ap 29 desanm 2017 nan 11è nan maten.